Ca àll ba, ngir ngor ko fàww mu am ndigëlu Perefte te mu am ñaar ñu mu war a sàm-monteel, ngir moytu lu neex waay mu def (somp ab dëkk) ak di jëfandikoo àll bi ñuy bey ci lu jaaduwwul :

- Ngir joxe suuf war na am ndigëlu konsey riiraal bi nekk ca gox ba nga xam ni àll ba ñu aar fa la nekk ;
- War na koo am, ci ni ko yoon wi diglee ci limu N° 0024 bu 26 oktoobar 1973, diglee ci kuréelu nguur yiy toppatoo ndox meek gàncax gi ak kuréel gi Perefte jiite.

Li jóge ci ruuj bi te ñu di ko lakk war na am ndigël lu ñu tànn lu ko kuréeli nguur yiy toppatoo ndox ak gàncax gi mu yore ko.

Moom jëfandikukat boobu ngir jëfandikoo béreb yi nu aar (witt, xob, ràbb dàmba yu mag, bale, gom (daakande), nit ñi dëkk ci béreb yooyu am nañu sañ-sañ ci àll yooyu, ñoo ci bokk yem.

Bu fekkee ni, ngir gor lu bokk ci yi ñuy aar la (matt, kèriñ, bant yu ñuy yatt walla yu ñuy soxla ci néeg, bunt, lal) kuréel yeek kër yu mag yi rekk ñoo ci am sañ-sañ yore kart wu ñuy deferaat at mu jot.

— **Les taxes et redevances forestières**

L'exploitation forestière est assujettie au paiement de taxes et redevances (Décret 87-316 du 14 mars 1987).

— **Galag ak pey yi ñeel àll bi**


ngorum garab dafa am lu ñu ci gäll ca pey gaak galag ga (Dogalub 87-316 bu 14 mars 1987).

DEFRICHEMENT

(Contrat de culture dans les zones classées)

Ruuj bi

(dëhalante mbey ci àll yi nu aar)



EXPLOITATION

JËFANDIKOO

**AMODIATION
DËGGALE**



— Le droit d'usage des populations sur le domaine public ?

Le droit d'usage des populations sur les terres du domaine public est prévu par la loi. Les populations vivant dans un espace où existe une forêt classée peuvent bénéficier des ressources de cet espace mais sans en abuser (pas de droit de vente). La vente n'est permise qu'en cas d'autorisation des services compétents.

C'est la même situation que celle des populations vivant au bord d'un fleuve. Elles peuvent cultiver les terres mais ne peut bénéficier d'une affectation qu'à la seule condition du respect du « pas géométrique » ; ce pas géométrique estimé à cent mètres (100 m) en partant de la limite du fleuve en période de grande crue.

3.3 - Quelles sont les procédures d'accès aux terres dans les zones de terroirs ?

Les différentes étapes à suivre pour une affectation de terres du domaine national sont :

Selon les termes de l'article 18 du décret N°64-573, repris par l'article 3 al. 2 du décret N°72-1288, l'affectation requiert deux conditions :

— Sañ-sañ askan wi ci jëfandikoo yëfi mbooloo mi ?

Sañ-sañ bi askan wi am ci jëfandikoo suufu mbooloo mi ni ko yoon wi xalaate. Askan wi dëkk ci bébé yi am àll bu ñu aar mën nañu koo jariñoo waaye duñu ëppël (amuñu sañ-sañ ci jaay ko doonte sax am nañu ndigalu kuréelu nguur yi koy toppatoo.


Noonu it la mel ci askan wiy dund ci wetu dex gi. Mën nañoo bey suuf si waaye duñu leen ko mën a jox noonu rekk xanaa boog ñu sàmmonteek « jéegoy natt » ; jéegoy natt yooyu ñu ngi ko xayma ci téeméeri meetar (100 M) bu ñu ko jëlee ci dex gi ci jamonoy wall.

3.3 – Fan la nit war a jaar ngir jot suuf ci tund wi ?

Ci yoonalu 18 bu dogalu lim N°64-573, te yoonalu 3 al. 2 bu dogalu lim N°72-1288 jëlaat, joxe suuf laaj tegoo na ñaari fàna :

— **Première condition** : la terre doit être affectée aux membres de la Communauté rurale ;

— **Deuxième condition** : l'affectation est prononcée en fonction de la capacité des bénéficiaires d'assurer, eux même ou avec l'aide de leur famille, la mise en valeur de ces terres.




1. La rédaction d'une demande manuscrite adressée au PCR, jointe d'une photocopie légalisée de la carte d'identité nationale ou d'une copie du récépissé s'il s'agit d'un groupement. La demande doit préciser la taille de la superficie demandée, son emplacement et l'usage qui en sera fait. Le plan du site s'il est disponible y est joint.

1. bind yónnee ko njiitu konsey riiraal bi, boole ci foto kóppi kart dantite legaaliise walla kóppi resepiise bu gurubmaa bi.

Bindal lu leer ci li mu soxla, béreb bi, yaatuwaay bi, la mu ciy def. Kayitu palañ bi bu ko amee it na ko ca boole.

— **Fàna bu jëkk** : suuf si war nañu koo jox ku bokk ci askan wi

— **Ñaareelu fàna** : joxe gi mi ngi aajo ci ñi ñu koy jox fu seen doole tollu, ndax mën nañu koo jariñoow walla seenug njaboot ñoo leen di dimbali, ci ñu liggéey suuf si.



2. Ces documents sont déposés au niveau du secrétariat ou de l'ASCOM (assistant communautaire) du conseil rural et un numéro de dépôt est délivré.

2. kayit yooyu dañu koy yóbbu ca sekkarteeru konsey riiraal ba walla ca ASCOM (ñiy jàppale askan wi)wu konsey riiraal, ci noonu dinañu ko jox lim bu koy firndéel.




3. La visite du site pour déterminer la nature du terrain est recommandée en présence du chef de village pour vérifier la disponibilité de l'espace à affecter.

3. dem seeti béreb ba ngir xam nu mu mel it digle nañu ko ci teewaayu boroom dëkk bi, ngir nemmeeku ba xam suuf si ñu war a joxe doy na am déed.




5. La délibération doit être approuvée par l'autorité administrative (sous préfet) pour être valable.

5. joxe mi, kilifa nguur war na koo nangu (Suu perefe) ngir mu doon lu wóor .



4. Au moment de la délibération, le PCR et la commission domaniale sont présents.

4. jamono bi ñuy joxe, njiitu konsey bi dina teew ak kuréel giy saytu suuf.



6. Si la demande est acceptée, le demandeur est tenu de payer les frais de bornage au trésor.

6. bu fekkee ni laaj bi nangu nañu ko, laajkat bi dina fey ñay defar dig ya ñu yóbbu xaalis ba ca ndàmbo nguur gi.



7. La commission domaniale, en compagnie du demandeur, procède à l'installation de l'intéressé.

7. kuréelu saytu gi, ak laajkat bi ñooy ànd ñu won ko fi mu war a dal.



Enfin ! Je viens de recevoir ma parcelle
 Aa ! léegi nak jot naa ci suuf

8. Un permis d'occuper lui est délivré ; l'affectataire est soumis à l'obligation de mise en valeur.

8. kayit gu koy may sañ-sañ ngir mu nekk fa dinañu ko ko jox ; ku ñu jox suuf dangay jublu ci liggéey ko.

— Quelles sont les procédures de désaffectation dans les zones de terroir ?

L'affectation peut prendre fin en cas de faute de l'affectataire, sur sa demande, ou pour des raisons d'utilité publique :

— sur la demande de l'affectataire, le conseil rural retire la parcelle affectée ;

— la désaffectation résultant d'une décision de l'Etat : lorsque l'Etat, pour des raisons d'utilité publique, requiert l'immatriculation, à son nom, d'une portion du domaine national, cette portion est extraite du domaine et entre dans le patrimoine de l'Etat (domaine privé), ce qui met fin à toutes les affectations faites sur cette terre ;

— la désaffectation pour motif d'intérêt général : elle est prévue par l'article 15 al. 2 de la loi sur le domaine national. Elle peut se justifier soit par des opérations ponctuelles (l'établissement de parcours de bétail de travaux hydrauliques ou encre de lotissements destinés à l'habitat) soit par la volonté de procéder à une révision générale des affectations, tel que prévu par l'article 12 du Décret N° 72-1288. Dans ce dernier cas, la délibération doit être adoptée à la majorité des $\frac{3}{4}$ des membres du conseil et approuvée par décret.

— la désaffectation à titre de sanction : conformément à l'article 20 du Décret N°64-573, la

désaffectation peut être prononcée d'office :

- pour insuffisance de mise en valeur, après avoir fait l'objet d'une mise en demeure, restée sans effet, au bout d'un an ;
- lorsque le bénéficiaire ne réside plus sur le terroir ou n'assume plus personnellement la mise en valeur des terres qui lui sont affectées ;
- lorsque le bénéficiaire cesse l'exploitation de la terre affectée.

— la désaffectation est prononcée en cas de défaut de mise en valeur ou de cessation d'exploitation par l'affectataire ;

— elle peut être prononcée d'office, pour cause d'intérêt général, ou d'utilité publique, mais dans ce cas, le conseil rural attribue, en guise de compensation, une autre terre à l'affectataire dépossédé.

En résumé :

la désaffectation est faite par délibération

elle est notifiée aux intéressés

elle est publiée par les moyens appropriés

elle est mentionnée au registre foncier tenu en double par le conseil et le sous-préfet.

— Yan yoon lañuy jaar ba mën a nangu suuf ?

Joxe suuf dina jeex bu yaq amee ñeel ki ñu jox, moom ci boppam mu laaj ko, walla muy li réew mi soxla :

– Moom mi ñu jox bu laajee, konsey riiraal bi mën na nangu suuf si ñu ko jox ;

– nangu gi itam mën na jóge ci dogalu kilifay réew mi, ngir luy soxlay askan wi, dina laaj ñu bind ko limal ko, ci turam, ci làcc wu ñeel domen nasyonaal, làcc woowu nak ñi ngi ko jële ci domen bi, te it day dugg ci domen nasyonaal nekk ci diggante dugg ci domenu nguur ak (bu kenn), loolu mooy jeexal bépp joxe ci suuf soosu ;

– nangu suuf ngir njariñu askan wi : loolu jàpp na ko ci yoonalu 15 al. 2 bu domen nasyonaal. Mën nañu koo nangu benn ci ay doxalin yu jamp (xàll yoon yu jur gi di jaar walla fu ndox di jaar walla ba tey dagg ay kër ngir dëkkuwaay moo xam dañoo am yéene soppi joxin wi ca yoonalu 12 bu dogalu lim N° 72–1288. Ci mbir mu mujj mii nak, nangu ngi ña èpp war nañu cee ànd ci $\frac{3}{4}$ ña bokk ca kuréelu konsey ba ak dogal ba koy dëggal.

– Nangu gi ngir yar : méngoo ak yoonalu 20 bu dogalu limu N°64–573, nangu gi mën wéy :

• Ngir ñàkk koo mën a liggéey, ginnaaw bi ñu ko xébalee, te amul yenn coppite, ci diirub am at ;

• Bu fekkee ki ñu jox suuf dëkkatul ca tund wa walla mënatul a def liggéey bi ni mu ware ;

• Bu fekkee ki ñu jox suuf dafa bàyyi di ko jariñoo.

– Nangu suuf dinañu ko def bu fekkee ni ni mu koy jariñoo baaxul walla mu bañ koo jariñoo ;

– Mën nañu ko wax itam bu wér, ngir soxla su yaatu walla soxlay réew mi, waaye ci mbir moomu nak konsey riiraal bi mën na jox ndàmpaay ki ñu nangu suuf ci moom, ñu joxaat ko feneen.


Ci tēnk :

– Nangu suuf dañu koy fésal ci kayit

– Dinañu ko bind ñi mu soxal

– Dinañu ko fésal ci mën–mën yi ñu am

– Dinañu ko bind ca karneb suuf def ko ñaar, benn konsey bi beneen Perefe bi.



PROCESSUS DE DESAFFECTATION DE TERRE DU DOMAINE NATIONAL

➤ **Quelles sont les procédures de transfert d'une affectation dans les zones de terroir ?**

— Le transfert d'affectation ou réaffectation peut être décidé selon les cas ci-après :

- pour des causes d'intérêt général, l'affectataire est dépossédé de la terre qui lui avait été affectée et le conseil rural est tenu alors, de mettre à sa disposition une autre parcelle, pour compensation (art.20 du Décret précité) ;
- en cas de décès de l'affectataire, les héritiers obtiennent l'affectation à leur profit de tout ou d'une partie des terres affectées, dans les limites de leurs capacités d'exploitation (art.22). Ils doivent adresser leur demande au Président du conseil rural dans les 3 mois, sous peine de déchéance.
- le transfert d'affectation dont l'affectataire est décédé, est fait sur la demande des héritiers. Le Conseil peut attribuer le terrain à un ou plusieurs héritiers (les mieux placés pour continuer l'exploitation) ;
- le transfert d'affectation peut donner lieu à une indemnisation par le nouvel affectataire, à l'ancien pour les réalisations effectuées.

➤ **Nan lañuy def ba jële fi ñuy joxee ci tund wi ?**

Jële fii ak joxe mën na ame ci yii peXe :

– Ngir liy jariñ ñépp, ki ñu joxoon nu jële ko ci moom bu boobaa day war konsey bi jox ko feneen, ngir ndàmpaay (yoonal. 20 dogal bi ñu tudd) ;

– Bu fekkee ni ki ñu jox dafa faatu, ay donoom ñoo koy jël, lépp walla ab xaaj, ci ni seen doole tollu (yoonalu 22.). War nañoo bind yóbbu ko ca njiitu konsey riiraal ba ci biir 3 weer, walla ñu nangu ko ci ñoom.

– Jox bu ka ñu jox dafa faatu, ay donoom ñooy bind laaj ngir ñu jox leen ko.

Konsey bi mën na jox kenn suuf sa walla ndono yu bari (ñi ko gën a mën a liggéey ;

– Jële bu jóge ci joxe mën na waral ay pey, bàyyi koo ci ku bees ki ñu jox, ñeel ka ñu jëkkoon a jox ngir ya mu fa defoon ;

En cas de décès de l'affectataire, les héritiers obtiennent l'affectation à leur profit de tout en partie des terres affectées à leur auteur

Le transfert d'affectation dont l'affectataire est décédé, est fait sur la demande des héritiers.



Le transfert d'affectation peut donner lieu à une indemnisation par le nouvel affectataire, à l'ancien pour les réalisations effectuées

PROCESSUS DE REAFFECTATION DE TERRE DU DOMAINE NATIONAL

➤ Comment transformer les terres du domaine national en bail en zone rurale ?

La procédure en milieu rural est la suivante :

- L'intéressé doit se prévaloir préalablement d'une attribution approuvée par le conseil rural.
- Il rédige une demande manuscrite de bail sur un terrain dans une localité donnée pour une activité précise et y joint le permis d'occuper, la photocopie légalisée de sa carte d'identité nationale et le certificat cadastral positionnant exactement la zone.
- Il dépose le dossier au niveau du service des domaines.
- Le service des domaines assure la consultation avec les services compétents que sont l'urbanisme et le Cadastre. Après approbation du Cadastre et de l'Urbanisme, le service des Domaines fait l'instruction du dossier.
- Le dossier de la demande de bail est envoyé à la Direction de l'Enregistrement des Domaines et du Timbre(DEDT). Après étude, la DEDT achemine le dossier à la Commission de Contrôle des Opérations Domaniales(CCOD).

➤ Nan lañuy def ba sopparñi suuf domen nasyonaal ba mu doon gu ñu dèhal ci dëkku kaw yi?

Doxalin wi ci kaw gi nii lay deme :

- Ki mu soxal lu bon-bon war na am kayit gu firndéel gu ko koney riiraal bi jox.
- Dafay bind laaj ab dèhal ci suuf su nekk ci tund sàngam cib yèngu nàngam ak itam boole ci kayitu sañ-sañu dëkk, "foto koppi legalise kart dantite, sartifikaa bu kadastar buy wone bu wér béreb ba".
- Dafay yóbbu kayit yi ca kèru domen ga.
- Kèru domen ga ñu seet kayit ya settantal ko ñook kèru liggéeyukaay yi ñu ko séqal di: ir-baanism ak kadastar, kèrug domen mooy càmba kayit yépp.
- Kayiti laaj yu dèhal yi dañu koy yóbbu ca boppu kèru rëkk gu domen ak tembar ya cay tafu(DEDT). Ginnaaw njàngat, DEDT mooy yóbbu kayit ya ca kuréel gay nemmeeku doxalinu suuf(CCOD).

- Si la CCOD après étude, donne son approbation, le dossier est retourné aux services des Domaines.
- A partir de là, l'immatriculation est faite au nom de l'Etat.
- Le demandeur est alors tenu de verser la provision dont la somme est fixée au mètre carré par un décret.
- Après la liquidation de la provision, un projet de bail est rédigé en sa faveur et le dossier est envoyé au ministère de l'Urbanisme et de l'Habitat qui signe le bail.

En milieu urbain, il est possible de procéder au transfert des terres du domaine national en domaine privé de l'Etat puis en titre foncier d'après les nouvelles dispositions.

➤ **Quels sont les droits des descendants d'un défunt qui bénéficiait des terres du domaine national ?**

Les descendants d'un défunt qui bénéficiait des terres du domaine national mises en valeur, en sont des bénéficiaires légitimes, selon la loi. C'est ce qu'on appelle le droit de préemption. Ils devront cependant, formuler une demande de régularisation pour continuer de préserver le droit d'usage sur ces terres.

- Bu fekke ni kurélu CCOD ginnaaw bi ñu ko saytoo ba àggal joxe na ab gis-gisam, bu ca noppee ñu soog koo delloowaat këru domen.
- Ci kaw loolu, ñu jox ko ab lim ci turu nguurgu.
- Laajkat bi dina war ci moom mu jël ab dayo ci xalis joxe ko ni ko dogal bi waxe, ñeel meetar kaare bu nekk.
- Ginnaaw bi ñu jaayee xalis bi, ñu bind dëhal ñeel ko këyit yi ñu yónnee ko jawriñ jiy top-paato taax yeek dëkkuwaay yi mu xaatim ko.

➤ **Ci dëkku taax yi, mën nañoo jële suufu domen nasyonaal yóbbu ko ci domenu kenn bu nguurgu ginnaaw ba ñu def ko tiitar foonse soqikoo ci tëralin yu bees yi.**

Doomi ku faatu ñi amoon suufi domen nasyonaal yu ñuy jariñoo, ñooy ñi nga xam ni ñoom la yoon wax ne ñoo ko yelloo.

Loolu lay wax sañ-sañu bindante. War nanoo, bind laaj tegtal ci yoon ngir sàmm sañ-sañam ci di jéfandikoo suuf soosu.

VI.FONCIER, GENRE ET DROITS HUMAINS

4.1 - Quels sont les principes de droits humains favorisant un accès sécurisé et équitable des femmes à la terre ?

Ainsi les principes de droits humains favorisant une meilleure prise en compte du droit des femmes en matière foncière sont :

- l'inclusion des femmes dans l'acquisition et la jouissance de la terre ;
- l'information des femmes sur les textes régissant la gestion du foncier et sur les procédures d'accès et de jouissance ;
- l'égalité de tous sur l'accès à la terre ;
- la non-discrimination dans la distribution et l'affectation des terres ;
- la participation des titulaires de droits dans les instances de prise de décision.




VI.FOONSE, CĒRU JIGEEN AK SAÑ-SAÑU DOOM AADAMA

4.1 – Yan kenu ñoo gàddu sañ-sañu doom aadama yu koy may mu jot ci suuf ci kaaraange ak yamale gi ci suuf si ñeel jigeen ñi ?

Nii daal mooy kenu yiy tax ñu bàyyi xel sañ-sañu jigeen ñi ñeel suuf :

- Boole jigeen ñi ci jot ak jariñoos suuf
- Di xamal jigeen ñi ci li kayit yi soxal saytu suuf ak yoon yi ñuy jaar ba jot ci ak jariñoos ko.
- Yamale ñépp ci jot suuf
- Bañ di boddikonte ci séddale ak joxe suuf si
- Ñi ci am sañ-sañ di bakk ci fi ñuy dogale ;



4.2 - Quel est le rôle des élus(es) et de la CL pour garantir le respect de l'accès équitable et égal des femmes au foncier ?

L'Etat et les collectivités locales ont pour mission d'assurer l'épanouissement des populations. A cet égard, les élus locaux doivent assurer à tous les citoyens, sans exclusion, les meilleures conditions pour une participation effective au développement local, en initiant des actions dans le domaine de la santé, de l'éducation, du foncier et du développement économique, social, culturel et éducatif. Ils ont le rôle, en outre, de combattre toutes les formes de discrimination à l'encontre des femmes, c'est-à-dire « toute distinction, exclusion ou restriction fondée sur le sexe qui a pour effet ou pour but de compromettre ou de détruire la reconnaissance, la jouissance ou l'exercice par les femmes quel que soit leur état matrimonial sur la base de l'égalité de l'homme et de la femme, des droits de l'homme et des libertés fondamentales dans les domaines politique, économique, social, culturel ou dans tout autre domaine ».

4.2 – Lan mooy taxawaayu woy pal yi ci ñu wéral ak sàmmonte ci jigéen ñi ci ñu yem ci jot suuf ?

Nguur gi ak kuréelu woy pal yi seen warugar mooy ñu dalal ak jàmmal askan wi. Ci loolu woy pal yi war nañoo fexe ba ñépp te duñu xàjji kenn ci nekkim wu baax ngir ñu bokk ci liy indi koom-koom ci gox bi, di jëf lu wóor jème ko ci wér gi yaram, ci njàng, ci suuf ak yokkute ci koom-koom, ci njaboot gi, aadaak cosaan.

War nañoo xeex bépp xeetu boddikonte bu jëm ci jigéen ñi, maanaam “bépp xàjjale, dàqe walla tuutal gu tegu ci góor la walla jigéen te muy jur walla jublu ci tilimal walla luy yàq aw melo, xañ ko di bânneexoo walla di jéfe ci jigéen ñi ak lu mu mën di doon njuréel te teg ko ci yamug góor ak jigéen, sañ-sañi doomu aadama ak moom boppam gi gën a kawe ñeel politig, koom, njaboot, aadaak cosaan ak ci fu mu mën di doon

En définitive, pour combattre plus efficacement les discriminations à l'égard des femmes en matière foncière, les élus favorisent :

- l'organisation de réunions de sensibilisation sur les droits de la femme ;
- la multiplication d'initiatives pour éduquer les populations afin de modifier les comportements socioculturels négatifs ;
- l'accroissement du taux de scolarisation et du taux du maintien des filles à l'école la formation et l'éducation des femmes sur le foncier ;
- la promotion de la présence des femmes dans les instances de décision au niveau local ;
- la promotion de la participation active des femmes au niveau des instances des CL.

Li am daal, ngir xeex ci lu yomb boddikonte ñeel jigéen ñi lu soxal suuf, woy pal yi war nañoo leen beral loxo :

- Di amal ay ndajey xamle ci sañ-sañu jigéen
- Di baril am njàng ñeel askan wi ngir ñu bàyyi li ñu daan def te du lu baax,
- Yokk xale yu jigéen yiy dugg ci daara yi te tëye leen fa
- Tàggat ak jàngal jigéen ñi ci mbiru suuf
- Yékkati taxawaayu jigéen ñi ci béreb yi ñuy dogale ci kaw gi.



➤ Leadership féminin et Accès des femmes à la terre

• Quel est le rôle des femmes dirigeantes ou leaders d'organisations ?

Rôles interpersonnels

- Représentante de son organisation;
- Leader, contribuant à définir l'atmosphère ou l'ambiance de travail, en cherchant à concilier les besoins individuels des membres à ceux de l'organisation; responsable de la motivation de son personnel;
- Agent de liaison, elle doit bâtir et maintenir un réseau de communication interne (avec les membres de son organisation) et externe (entre son organisation et les acteurs externes).

Rôle d'informatrice

- Chercheur d'informations pour son organisation;
- Diffuseur d'informations à l'intérieur de son organisation;
- Porte-parole: elle doit, au nom de son organisation, communiquer avec les autorités publiques et des personnes hors de son organisation.

➤ Lan mooy taxawaayu jigéen ñi doon njiit walla di taxawu mbootaay yi ?

Taxawaayu njiit ci boppam



- Teewal mbootaayam ;
- Njiit, luy fexe tërël nekkin walla bérebu liggéeyukaay ni mu war a mel, di jéema fexe nu muy méngalee soxlay kenn ku nekk ca ña bokk ak itam njiitu mbootaay na muy neexale ña muy liggéeyloo ;
- Ndaw luy lékkale, war na tabax, ak amal kuréelu joqalante gu biir (ak woy bokk yi ci kuréelam) ak ñi nekk ci biti.

Taxawaayu xamlekat

- Wuti xabaar ngir mbootaayam;
- Siwal xabaar ngir mbootaayam;
- Yore kàddu mbootaayam : war na ci kàddug mbootaayam diisook ay kilifa askan wi ak nit ñu bokkul ci mbootaay gi.

Rôles décisionnels

- Novatrice, stratège: elle est à l'origine des changements importants au sein de son organisation, visant à assurer sa croissance et sa pérennité;
- Décideuse: elle décide des actions à entreprendre pour résoudre les problèmes;
- Gestionnaire des ressources: elle est responsable de la répartition des ressources matérielles et financières;
- Négociatrice : elle représente les membres de son organisation lors des négociations.



Taxawaayu niy dogal

- Lu bees, pexe mu xereñ : mooy cosaanu coppite yu am solo ci biir mbootaayam, di saxal ag yokkuteem;
- Dogalkat : mooy xalaat jëf yi ñu war a def ngir saafaara jafe-jafe yi;
- Saytukatu koom : cëram la ci séddale koomu xalis ak jumtukaay;
- Waxtaankat : mooy teewal ay ñoñam ak mbootaayam ci waxtaan yi.

4.3 - Quelles actions et stratégies pour la construction d'un leadership féminin fort ?

Les hommes et les femmes n'ont pas une représentation équilibrée dans les postes de pouvoir (conseils ruraux, organisations de producteurs/productrices). Le développement des capacités de leadership des femmes participe à une remise en cause de ces inégalités. La construction d'un leadership féminin s'appuie sur un certain nombre d'actions et de stratégies parmi lesquels :

- un renforcement du pouvoir économique dans le monde rural, particulièrement celui des femmes afin qu'elles puissent saisir les opportunités pratiques qui se présentent ;
- la nécessité de promouvoir les droits de la femme par la sensibilisation de toute la population ;
- la capacitation des femmes pour un accès aux postes de responsabilité au niveau des instances de décision comme les partis politiques, les organes des collectivités locales, les organisations de la société civile, etc. ;
- une harmonisation des textes et une application effective des lois ;

Ngir jigéen ägg ci njiit lu am doole ñeel lu soxal suuf, fàww ñu :

- Dolli kàttanu jigéen ci wàllu koom-koom ;
- Yee askan wi ci ñu jox gëdda jigéen ak sañ-sañam ;
- Tëral ay feemi lay ngir dolli taxa-waayu jigéen ñi, ngir xeex ñaawteef yi ñuy teg jigéen ;
- Yokk taxa-waayu jigéen ñi ngir ñu mën a am ay ndomboy tànk ci parti politig yi, ci kurélu yi ci gox yi ak ci biir mbootaayu yi moom seen bopp, aña. ;

- une promotion de l'éducation des filles et de leur maintien à l'école ;
- l'appropriation de l'approche genre par les différents acteurs (organismes institutionnels, collectivités locales, société civile);
- une formation des femmes et des hommes sur les droits des femmes.
- une campagne de plaidoyer pour l'éradication des violences à l'égard des femmes.



- Génne xalaat yu wér ngir mën a layal bu baax , ñu fexe ba méngale kayit yi ak di jëfandikoo li yoon tëral ñeel jigéen ;
- Di ñaax aka jàppale xale yu jigéen yi ci ñu dugg ci njàng mi te sax fa ;
- Yokk lay wi ngir ñu moomoo taxawaayu jigéen ci askanu senegaal ;
- Jàngal jigéen ñi ñu xam jumtukaayu yoon yi ci biir réew mi ak ca biti réew, diiwaan yi ñu wër ak yi jige, ñeel sañ-sañi jigéen.

Aussi, pour promouvoir l'accès des femmes à la terre, il s'agira également de renforcer le leadership féminin par un ensemble de mesures politiques et d'actions qui sont entre autres :

- une opérationnalisation de la loi sur la parité qui pourrait conduire à une représentation égale entre les hommes et les femmes dans les postes de responsabilité (à compétence égale, représentation égale) ;
- la création d'organisations de femmes dynamiques et incontournables dans le développement local ;
- la possibilité, pour les femmes, de disposer d'un plan d'action annuel budgétisé pour la mise en œuvre des activités de leurs organisations avec plus de moyens ;
- le renforcement des capacités des femmes par la formation et la collaboration avec d'autres organisations pour partager les expériences ;
- l'accessibilité des textes et lois relatifs à la gestion du foncier dans leurs langues locales afin de permettre aux femmes ainsi qu'aux membres de leurs familles une meilleure connaissance de leurs droits et obligations ;

Ngir jeexal ak di dolli mën-mën ak nekkinu jigéen mu doon njiit lu am doole ak mën a jot suuf, fàww :

- Jigéeni liggéeykat ak ñiy sémb ngir am teewaay buy yamale ci diggante góor ak jigéen ci kuréel yiy dogal ak yor ndombo-tànk (benn góor, jenn jigéen ci yamale) ;
- Am ay jigéen yuy sos ay mbootaay yu am doole yoo xam ni kenn mēnu leen a bàyyi ginnaaw ci yokkuteeg dëkk yi ;
- Di ñaax jigéen ñi ñu mën a am ay tëralinu at yu àndak nañu koy doxale ci xalis ak seeni yēngu ;
- Yokk mën-mēnu jigéen ñi jaarale ko ci ay tàg-gat, ci lëkkaloo ak yeneeni mbootaay ngir weccoo xalaat ci jafe-jafe jigéen ñi ;
- Di gën di yokk yēngu-yēngu yu mën a dēgéral kuréelu jigéen ñi ak def lépp luy jox gëdda jigéen ñi ;

- la mise en place de cadre de concertation et d'échanges afin de résoudre les problèmes de la circulation de l'information, du partage des connaissances sur les droits des femmes et de la sensibilisation des femmes sur le leadership ;
- l'organisation de plaidoyers auprès des partis politiques, des élus locaux, des autorités

CLÉ DE RÉUSSITE

Pour favoriser un accès équitable et sécurisé des femmes à la terre, il faut :

- Identifier des titulaires du droit à la terre ;
- Développer une stratégie de sensibilisation, d'information et de conscientisation des femmes sur le droit d'accès à la terre ;
- Mettre en place des cadres et espaces de concertation servant d'appui-conseil leur accès équitable et sécurisé à la terre ;
- Encourager les CL à promouvoir l'accès des femmes à la terre ;
- Mettre en place un crédit pour encourager la valorisation des terres acquises par les femmes.

- Yombal ci jot bépp kayit bu ñeel saytu lu soxal suuf ci làkk yi ñu nàmp muy tax jigéen ñi xam seeni sañ-sañ ak seeni warigar ;
- Taxawal bérebu diisoo ak waxtaan ak weccoo ngir faj jafe-jafe yi lékkoo ak ni xibaar yi di doxe, bokk xalaat ci lu aju ci san-sañ jigéen ak yee leen ci taxawaay bu jigéen war a am bu doonee njiit ;
- Di leen ñaax ciy ndaje layal jëm ci kilifay politik yi, woy pal yi, waa nguur gi, boroom dëkki kaw yi, kilifay diine yi ak mag ñi ngir ñu gën a mën a faj soxlay jigéen ñi ci wàllu suuf.

CAABI JIY TAX MU ÀNTU

Ngir beral loxo jot gu wóor ak yamale jigéen ñi ci suuf si, fàww nu:

- Ràññee jëmm ji am sañ-sañ ci suuf si ;
- Yokk feem, siiwal ak yeete ak di xamal jigéen ñi yan sañ-sañ la ñu am ci jot suuf ;
- Taxawal ay bérebi waxtaan ak diisoo di jàppale jigéen ñi ngir ñu yem bu wóor ci jot suuf si ;
- Di ñaax kuréelu dëkku kaw yi ngir ñu fexe ba jigéen ñi jot ci suuf si ;
- Samp ay keesi leble ngir ñaax jigéen ñi ci ñu fexe ba li suuf si di génne yokku.

**Groupe d'Etudes et de Recherches
Genre et Sociétés (GESTES)**
Salle 15, Bâtiment H, Université
Gaston BERGER de Saint-Louis
Tél. : 00221 33 961 32 03
e-mail : gestes@gestes-ugb.org
Site Web : <http://www.gestes-ugb.org>

ISBN 979-10-90750-029



9791090750029



This work is licensed under a
Creative Commons
Attribution – NonCommercial - NoDerivs 3.0 License.

To view a copy of the license please see:
<http://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/3.0/>

This is a download from the BLDS Digital Library on OpenDocs
<http://opendocs.ids.ac.uk/opendocs/>